# СЦЕНАРИЙ
# НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН КОНСТИТУЦИН ДЕННА ЛЕРИНА

***Цхьа тоба бераш чудог1у (торжественни зурманца), г1анташ т1е охьаховшу.***
***Шолг1а тоба бераш чудог1у (торжественни зурманца), г1анташ т1е охьаховшу.***
**Цара Шатлакан илли д1аолу.**

## ШАТЛАКХАН ИЛЛИ

Харцоно ц1е тесна, хийла хьо йагарх,
Нохчийчоь ца йоьжна, г1аьттина йаха.
Кавказан ткъес хилла, маршонан ага,
Хьан лаьттан сий дина йахьйолчу наха.

Барт болу хьан къаьмнаш – мах боцу беркат!
Хьо йоцург Нана йац, нохчийн халкъ хьаста.
Тхан дахар, тхан дерзар Даймехкан кхерчахь
Декъалдар доьхуш ду, Далла беш хастам.

Башламан баххьашка дайн синош дуьссу.
Органан тулг1ено ненан мотт буьйцу.
Исбаьхьа совг1ат хьо, азаллехь дела!
Шатлакхан илли ду тхуна ницкъ белларг!

Къинхьегам, хьан хьуьнарш хазделла шайна,
Халкъаца леерам бар кхаъ хуьлда хьуна.
Машаран г1аролехь ирсан некъ тайна,
Сий долуш Нохчийчоь йехийла тхуна!

**Д1ахьошверг:**
- Маршалла ду шуьга, хьоме бераш!
Таханлера вайн цхьаьнакхетар 23 МАРТ – НОХЧИЙНХАЛКЪАН КОНСТИТУЦИН денна лерина ду! Конституци – изи вайн харжам, Нохчийн пачхьалкхан низам бу,
Вайн дай-нанойн сатийсам, берийн самукъане кхане йу. Вайн кхане ирсе хилийта, Нохчийн Республикин Дуьххьарлерчу Президента, Россин

Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжа шен халкъе кховдийра Конституци т1еэцаран хьокъехь харжам.
Бераша байташ йоьшу.

**1-ра бер:**

Дахаран зерашна йуьхьдуьхьал лаьтташ,
Лайна вай Даймахко баланийн ц1е.
Бодане г1айг1анаш д1айохуш аьтта,
Къомо д1акхайкхийра Харжаман де!
1а-б1аьсте къаьстачу башхачу дийнахь,
Март бате хьоьхуьйтуш диканаш т1е,
Д1ахьееш махкара заманаш шийла,
Кьомо д1акхайкхийра Харжаман де!

**2-г1а бер:**

Маьршачу дахарна 1алашо лаьцна,
Ирс, беркат хьийзийта вайн доьзале,
Харцонаш, йохаеш, когаш к1ел хьаьшна,
Къомо д1акхайкхийра Харжаман де!
Маьршачу дахарна 1алашо лаьцна,
Ирс, беркат хьийзийта вайн доьзале,
Харцонаш йохаеш, когаш к1ел хьаьшна,
Къомо д1акхайкийна Харжаме де!

**3-г1а бер:**

Дайн оьзда 1адаташ дахарца доьзна,
Бусалба дин х1оттош урхалли т1е,
Уийр-марзо, гергарло дегнаш т1е оьзна,
Къомо д1акхайкийна Харжаме де!
Г1елонехь лаьттинчу къомах дог лезна,
Даймахка ерзаеш хан беркате,
Вайн коьрте веанчу Къонахчух тешна,
Къомо д1кхайкийра Харжаме де!

**4-г1а бер:**

Йахь, г1иллакх вайн дегнийн баьрчехьа дохуш,
Дуьнене йоккхуьйтуш вайн сийлахь ц1е,
Маршонна Вайн Далла хастам бу! – бохуш,
Кхуьуш ду вайн къоман Харжаме де!

**5-г1а бер:**

Маршо, бакъо, вошалла –
Нохчийчохь вайна массарна.
Цхьаьнакхета йишхилар,

1илма 1амош хьал кхиар –
Иза доккха совг1ат ду,
Дала дела беркат ду.
Конституцин дезчу денца
Декъала до ас нохчийн къам!
Символикаш йовзуьйтуш экскурсии (презентици).

**Д1ахьошверг:**

- Контртеррористически операции д1ахьош а йолуш, боьдуш т1ом а болуш, референдум йалур а йац, йича а, цу референдуме адам дог1ур а дац, бохуш берш а болуш,
Харжаман комиссин декъашхошна а, бахархошна а халкъан мостаг1аша кхерамаш а туьйсуш, и референдум, х1уъа бахьана х1оттийна а, ца хилийта г1ерташ болчеран 1алашо йохош, нохчийн къомо цу дийнахь, ара а даьлла, керла Конституци т1еэцна йезаш хилар къобал а дира, и Конституци т1е а йицира.

Къомо къастийра, Нохчийн Республмка, шеен Конституци а йолуш, Россин субъект а ларалуш, массо а къаьмнашца машар а, барт а безаш, Россин кхийолу субъекташ сана, маьршачу дахаран республика хилар.

Массо къоман а хуьлу Конституци, иза пачхьалкхан хьалхара тептар ду, адамийн бакъо, низам билгалдеш. Иштта шайн билгало йолуш байракх а, герб а хуьлу.

**(Экран т1ехь герб гойту).**

Нохчийн Республикин керлачу гербехь ю х1ара символш: нохчийн къоман бустаман х1оз, исс СА болу седа, кенаш, беттаса, т1еман б1ов, мехкадаьтта доккху б1ов, ламанан баххьаш.

**(Экран т1ехь байракх гойту).**

**Д1ахьошверг:**

- Пачхьалкхан байракх – иза сийлахь символика йу, чохь-арахь леерам бан безаш. Нохчийн пачхьалкхан байракх шуна суьрта т1ехь мА-гарра йу – деха деак1ов баьццарна гата. Байракх кхаа асанах дьтташ йу: лакхара аса – баьццара, йуккъерниг – к1айн, лахара аса – ц1ен. Аг1он т1ехь дешница кхелина нохчийн бустам бу.

Массара ларам бан беза шеен халкъан символикийн, уьш йовза йеза, шеен пачхьалкхан гимн хаа йеза, чохь-арахь ларайн йеза. Уьш сийсазайр къам, цуьнан истории, культура сийсазйар сана лоруш ду. Цунах лаьцна Конституци т1ехь йаздина ду.

Массарна йовза а, массара лара а йеза шеен къоман символика. Нохчийн къомах волу х1ора стагана дагахь хаа йеза Нохчийн Республикин гимн.

Нохчаша гимнахШатлакхан илли олу. Иштта вайн массеран декхар ду.
Даймахкана тешаме а, пайде а волуш патриот хилар.
Бераша байташ юьйцу:

**1-ра бер:**

Сан хьоме Нохчийчоь,
Сан ирсе Даймохк!
Хир бац кху дуьнен чохь
Хьол хаза цхьа а мохк.

**2-г1а бер:**

Хьомсара сан Даймохк!
Со ирсе хетта,
Хьо мел бу, веха шву
Дуьнен чохь со.

**3-г1а бер:**

Хьуна мел кхоьссинарг
Сан дагна кхета,
Сан дог а лазадо,
Лазийча хьо.

**4-г1а бер:**

Малхана дуьхьала йирзина лаьтта,
Г1ала а х1етахь шех дайьинарг доь.
Моьттура, и г1атто ницкъ хир бац атта,
Ткъа х1инца-м кхуьуш сан Нохчийнчоь!

**5-г1а бер:**

Даймохк бу хазаллин нур хилла лепаш,
Дог дика шеен амал кхийдаеш тхоь.
Ша маьрша яккхарна к1енташа леташ,
Баркала бохуш йу сан Нохчийчоь!

**6-г1а бер:**

Тхан маьрша ойланаш хьан ц1арца йог1у,
Тхан дуьхьа яхалахь, дехар ду хьоь.
Кхин хьан дог ца дохош, массарна оха,
Ларийир йу, сий долу хьо Нохчийчоь!

**7-г1а бер:**

Дерриге седарчий схьадаларх сайна,
Дуьненан бахамаш кховдабарх схьа,
Хуьйцур бац  сайн Даймохк, массарел тайна,
Ког биллал меттиг а – ду и сан ц1а!

**8-г1а бер:**

Гонд1арнаш, генарнаш вовшийн чу леста,
Тешнабехк, ямартло цхьаьнггахь а йац.
Безамийн алонаш дегнащкахь кхерста,
Хьаг1 дагца лелош верг наггахь а вац.
Бераша д1аолу илли «Нохчийчоь».

**Д1ахьошверг:**

- Лераме накъостий, хьоме бераш! Х1инца вайн таро хир йу берийн къовсаме хьовса а, къовсаман кхел йан а.

(Бераш шина тобане доькъй – йо1рийн тоба, к1ентарийн тоба. Тобанаш шайн-шайн стола гонд1ахьа схьагулбо. Тобанашна ц1ераш тохкуь1ту берашка).

**1-ра т1едиллар.** Кхетаме ловзар «Сурт цхьаьнато-хар». (Байракх, х1ост).

Шина стола т1ехь охьадеххина мозаикин хьесапехь хедийна байракхан, х1остан суьрташ ду.

К1енташа вовшахтуху байракхан сурт, йо1рша – х1остан.

Хан билгалйо.

**2-г1а т1едиллар.** Каде ловзар: «Байракх йаккхар».

Х1ора тобанна хьалха д1ах1оттийна цхьацца б1ов йу. Тобанашна хьалха латтачу шина беран б1овна го тосий, шегара байракх шена т1аьхьа латтачуьнга д1акховдайо. Вукхо, изза го а боккхий, шена висинчо шегара байракх б1ов т1е йуг1у. Хьалха б1ов т1е байракх йоьг1начу тобано толам боккху оцу къовсамехь.

**3-г1а т1едиллар.**

Тобанашкара йо1, к1ант цхьаьна халхадолу. Цу кеппара, кхоъ халхар дойту. Кхелахоша билгалво хаза халхаваьлла къовсамхо.

Къовсам д1аберзош шина а тобанерчу берашна совг1аташ до.

Д1ахьошверг:

- Лераме хьеший, бераш! Кху т1ехь Нохчийн Конституцин лерийна йолу мероприятии чеккхйели. Машаре мохк – ирсечу дахаран закъалт. Вайн аьтто бу деша, болх бан.

Машар хиларна вай ирсе ду.

Цундела вай хастам бан беза, вай иштточу маьршачу заманахь дахарна, берийн дахар ирсе дарна, вайн Куьйгалхочунна а, оцу некъахь къа мел хьегначаьрна.

1одика йойла шун, бераш! Ладог1арна, дакъалацарна баркалла!